ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№69 (23.477) ● 2017 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 18, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Емкъуж А. Хь. теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым и Секретарь къулыкъыр **Емкъуж Алик Хьэсэн и къуэм** щхьэщыхьын, ар пенсэм зэрыкIуэм къыхэкIыу.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм мэлыжьыхьым и 15-м
№55-УГ

Биттиев Хь. Р. теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым илъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр къулыкъыр **Биттиев Хьэким Расул и къуэм** щхьэщыхьын, ар нэгъуэщI лэжьапIэ зэрыкIуэм къыхэкIыу

2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм мэлыжьыхьым и 15-м
№56-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министрым и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым илъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министру гъэувын **Шаваев Ильяс Пагуэ и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм мэлыжьыхьым и 17-м
№59-УГ

КIуэкIуэ Ю. А. къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министру игъэуващ Шаваев Ильяс Пагуэ и къуэр

КIуэкIуэ Ю. А. къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министру игъэуващ Шаваев Ильяс Пагуэ и къуэр, щIыпIэхэр зэрагъэщIэращIэ къэкIыгъэхэр гъэкIыным елэжь «Декоративные культуры» къэрал мэкъумэш Iухъущ1апIэм и унафэщIу щытар. Министерствэм и унафэщIу щыта Биттиев Хьэким а къулыкъур щхьэщахащ, нэгъуэщI лэжьапIэ зэрыкIуэм къыхэкIыу.

Шаваев Ильяс Пагуэ и къуэр 1978 гъэм Налшык къалэ къыщалъхуащ. ЭкономикэмкIэ, статистикэмрэ информацэмкIэ институтыр Москва къалэм къыщиухащ. КъБР-м и Парламентым и IV, V хэхыгъуэхэм я депутатщ, БюджетымкIэ, налогэмрэ финансэмкIэ, Аграрнэ политикэмкIэ, экологиемкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэнынымрэ щIы Iуэхукlэмкlэ комитетхэм хэтщ.

Правительствэм, Iуэхущ1апIэ щхьэхуэхэм я дамыгъэ лъапIэхэр къыхуагъэфэщащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым и Секретарым и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым и Секретару **Тату Къазбэч Борис и къуэр** гъэувын, ар зыпэрыт къулыкъур щхьэщыхьауэ.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм мэлыжьыхьым и 17-м
№60-УГ

КъБР-м и Iэтащхьэм и унафэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым и Секретару игъэуващ Тату Къазбэч Борис и къуэр

А Iэнатlэм нэхъапэм щылэжьа Емкъуж Алик и къулыкъур щхьэщахащ, ар пенсэм зэрыкIуэм къыхэкIыу.

Тату Къазбэч Борис и къуэр 1958 гъэм Майскэ къалэм къыщалъхуащ.

СССР-м и МВД-м и школ нэхъыщхьэр къиухащ.

Лэжьэн щIидзащ 1984 гъэм. Къэрал кIуэцI Iуэхукlэмкlэ органэм къулыкъу зэхуэмыдзэхэр щрихьэкIащ.

2005 гъэм къыщыщIэдзауэ 2010 гъэ пщIондэ Урысейм и МВД-м оперативнэ-къэлъыхъуэныгъэ Iуэхухэмкlэ и бюром и унафэщIым и къуэдзэщ, Урысей МВД-м экстремизмэм пэщIэтынымкIэ и Департаментым и управлениэм и унафэщIым и къуэдзэщ.

2010 - 2017 гъэхэм - министрым и къуэдзэ - КъБР-м щыIэ МВД-м и полицэм и унафэщI къулыкъым пэрытащ.

ПIыхъужьыгъэм и ордену тIу, «Хэкум и пащхьэм щIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и етIуанэ нагъыщэм и медаль, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхьилъыр къыхуагъэфащащ. Экономикэ щIэныгъэхэм я кандидатщ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Лэскэн щIыналъэм щыщ Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм и щIыналъэм щыщ Ныхъыжьмардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъуэныным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Лэскэн щIыналъэм щыщ Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм Iэщым хьэщхьэрыIуэ уз къеуэлIауэ къызэрыщагъэтам къыхэкIыу, «Ветеринарием и Iуэхукlэ» 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащта Урысей Федерацэм и Закон №4979-1-м и 17-нэ статьям ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкlэ и управленэм и унафэщIым №38/02-660-м щIэту 2017 гъэм мэлыжьыхьым и 10-м къигъэхьа тхыгъэм ипкъ иткIэ, хьэщхьэрыIуэ узыр гъэкIуэдым мурадкIэ:

1. Лэскэн районым щыщ Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм и щIыналъэм Гъурфым и узрамым, узрамдэкI №2-м, Лениным и узрамым, узрамдэкI №5-м я къэухьым къриубыдэ и Ныхьэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъэувын махуэ 60 и пIалъэу.

2. Карантиныр щыщIэ зэманым мы унафэм и пункт 1-м къыщыгъэлъэгъуа щыпIэм псэущхьэхэр, абыхъм хьэхэмрэ джэдухэмрэ яхэту, къэрашну, апхуэдэу унагъуэ псэущхьэхэмкIэ сату щащIыну хуиткIыж.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкlэ и управленэм хуэгъэувын хьэщхьэрыIуэ узыр гъэкIуэдыным хуэгъэза Iуэхухэр Лэскэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм щIыгъу зэхилъхьэу игъэзэщIэну.

4. Мы унафэм къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм мэлыжьыхьым и 11-м
№25-РГ

● ЩIыуэпс

«МэзгъэфIэнхэм я лъэмакъ»

ЩIы Хъурейм тет къэралхэм ящыщу 200-м щIигъуэм мэлыжьыхьым и 18-м щегъэжьауэ и 22 пщIондэ щрагъэкIуэкI «МэзгъэфIэнхэм я лъэмакъ» зыфIаща Iуэхугъуэхэр. Ахэр хуэгъэзащ жылагъуэм, властым, цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм ЩIыуэпсым хэхауэ яхъумэ и щIыпIэхэм (ООПТ-хэм) хуащI гулъытэм хегъэгъэхъуэным, къытщIэхъуэ щIэблэр дыкъэзыухъуреихь дунейм и къулеигъэхэм пщIэ хуащIу гъэсэным.

«МЭЗГЪЭФIЭНХЭМ я лъэмакъ» зыфIаща щIыхьэхуэхэр 1990 гъэм япэ дыдэу США-м щрагъэкIуэкIащ. Иужькlэ, 1995 гъэм, «Лъэпкъ паркхэмрэ мэзкъуэдыхэмрэ» я махуэхэри къуэнэхуащ. Ахэр Урысей Федерацэм «къыщысар» 1996 гъэращ, «ЦIыхуIэ зыльэмыIэса щIыуэпсыр хъумэныкlэ центр» псапащIэ фондым и жэрдэмкlэ.

Ди къэралым «МэзгъэфIэнхэм я лъэмакъ» Iуэхугъуэхэр къыщызэрагъэпэщ ЩIыуэпсым хэхауэ яхъумэ и щIыпIэхэм, Урысейм дыкъэзыухъуреихь дунейм кIэлъыплъныныкlэ и Iуэхущ1апIэм («Росприроднадзор»), ЩIыпIэ дагъэмрэ абыхъм щыпсэу псэущхьэхэр хъумэныкlэ центрым, нэгъуэщIхэми.

УФ-м «ЩIыуэпсым хэхауэ яхъумэ и щIыпIэу» 100-м щIигъу итщ. Абыхъм я Iыхьэ щанэр ЮНЕСКО-м и биосферэ хъумалъэщ икIи дыкъэзыухъуреихь дунейм и хъугъуэфIыгъуэ нэхъ лъапIэ дыдэхэм хабжэ.

Мы махуэхэм мэзгъэфIэнхэмрэ лъэпкъ паркхэмрэ цIыхухэр щызэхуэшэсыным, жыгыщIэхэр щыгъэтIысыным, кIэрыхубжьэрыхухэр щызэхуэхьэсыным, псынащхьэхэр щыгъэкъабзэным, пресс-конференцэр щегъэкIуэкIным, нэгъуэщIхэми я мыхьэнэр зыхуэкIуэжыр зыщ: властыр, цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэр, хьэрычэтыщIэхэр, ЩIы Хъурейм цIыхуу тет псори щIыуэпсым хэхауэ яхъумэ и щIыпIэхэм гулъытэ хэха хуэщIын зэрыхуейм, дыкъэзыухъуреихь дунейр ди псэупIэу зэрыщытым егъэгупсысынырщ, щIыпIэ дэгугъэр зи хэщIапIэ хьэкIэкъуэкIэхэр, къэкIыгъэхэр узыгъэгужьеи щытыкIэм зэрихуам дунейпсо жылагъуэр щыгъуазэ щIыныращ, щIалэгъуалэр экологиер хуэмэным хуэущиныращ.

ЩIыуэпс

ЩIыуэпсым тет къэралхэм ящыщу 200-м щIигъуэм мэлыжьыхьым и 18-м щегъэжьауэ и 22 пщIондэ щрагъэкIуэкI «МэзгъэфIэнхэм я лъэмакъ» зыфIаща Iуэхугъуэхэр. Ахэр хуэгъэзащ жылагъуэм, властым, цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм ЩIыуэпсым хэхауэ яхъумэ и щIыпIэхэм (ООПТ-хэм) хуащI гулъытэм хегъэгъэхъуэным, къытщIэхъуэ щIэблэр дыкъэзыухъуреихь дунейм и къулеигъэхэм пщIэ хуащIу гъэсэным.

«МЭЗГЪЭФIЭНХЭМ я лъэмакъ» зыфIаща щIыхьэхуэхэр 1990 гъэм япэ дыдэу США-м щрагъэкIуэкIащ. Иужькlэ, 1995 гъэм, «Лъэпкъ паркхэмрэ мэзкъуэдыхэмрэ» я махуэхэри къуэнэхуащ. Ахэр Урысей Федерацэм «къыщысар» 1996 гъэращ, «ЦIыхуIэ зыльэмыIэса щIыуэпсыр хъумэныкlэ центр» псапащIэ фондым и жэрдэмкlэ.

Ди къэралым «МэзгъэфIэнхэм я лъэмакъ» Iуэхугъуэхэр къыщызэрагъэпэщ ЩIыуэпсым хэхауэ яхъумэ и щIыпIэхэм, Урысейм дыкъэзыухъуреихь дунейм кIэлъыплъныныкlэ и Iуэхущ1апIэм («Росприроднадзор»), ЩIыпIэ дагъэмрэ абыхъм щыпсэу псэущхьэхэр хъумэныкlэ центрым, нэгъуэщIхэми.

УФ-м «ЩIыуэпсым хэхауэ яхъумэ и щIыпIэу» 100-м щIигъу итщ. Абыхъм я Iыхьэ щанэр ЮНЕСКО-м и биосферэ хъумалъэщ икIи дыкъэзыухъуреихь дунейм и къугъуэфIыгъуэ нэхъ лъапIэ дыдэхэм хабжэ.

Мы махуэхэм мэзгъэфIэнхэмрэ лъэпкъ паркхэмрэ цIыхухэр щызэхуэшэсыным, жыгыщIэхэр щыгъэтIысыным, кIэрыхубжьэрыхухэр щызэхуэхьэсыным, псынащхьэхэр щыгъэкъабзэным, пресс-конференцэр щегъэкIуэкIным, нэгъуэщIхэми я мыхьэнэр зыхуэкIуэжыр зыщ: властыр, цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэр, хьэрычэтыщIэхэр, ЩIы Хъурейм цIыхуу тет псори щIыуэпсым хэхауэ яхъумэ и щIыпIэхэм гулъытэ хэха хуэщIын зэрыхуейм, дыкъэзыухъуреихь дунейр ди псэупIэу зэрыщытым егъэгупсысынырщ, щIыпIэ дэгугъэр зи хэщIапIэ хьэкIэкъуэкIэхэр, къэкIыгъэхэр узыгъэгужьеи щытыкIэм зэрихуам дунейпсо жылагъуэр щыгъуазэ щIыныращ, щIалэгъуалэр экологиер хуэмэным хуэущиныращ.

КъУМАХУЭ Аслъэн.

«Iэщlагъэлl ныбжьыщlэхэр» (WorldskillsRussia) V Лъэпкъ чемпионатым и финалым кIуэн папщIэ къыдэрыхах Урысейпсо зэхьэзэхуэхэр иджыблагъэ щекIуэкIащ Якутск къалэм. КъБКъУ-м и пресс-Iэнатlэм и лэжьакIуэ Солгаловэ Наталье хъыбар къыдэрыдигъэщIамкIэ, абы хэтащ университетым и педагогикэ институтым и педагогикэ колледжым и еплIанэ курсым и студенткэ Мэжджыхь Каринэ икIи, ди гуапэ зэрыхъущи, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм япэ ныбжьыщlэхэр.

Мэжджыхь Каринэ токIуэ

● Хъыбар гуапэ

КЪЭРАЛПСО зэпеуэм и эксперт нэхъыщхьэм зэрыжиIамкIэ, зыхуедджэ Iэщlагъэмкlэ Каринэ зэфIэкIышхуэ къигъэлъэгъуащ. Ар хагъэхьащ «Пэщlэдзэ классхэм щегъэджэн» унэтIыныгъэмкIэ Урысей Федерацэм нэхъыфIу къыщалъыта, цIыхубгъу хъу гупым. А екъулIэныгъэшхэр адыгэ пащащэ щыпкъэм кIыхьыфащ бгъэдэлъ щIэныгъэ куумрэ Iэзагъ лъагэмкIэ.

- «WorldskillsRussia» зэпеуэм ди студентхэр жыджэру хэтащ, - жиIащ педколледжым и унафэщI Пащты Тимур. - Апхуэдэ зэхьэзэхуэхэм Iэмал къыдат ди еджакIуэхэм ябгъэдэлъ щIэныгъэр, Iэзагъыр зыхуэдэр къэпщытэныжьмкIэ, абыхъм ябгъэдэлъ зэфIэкIхэр дэ тхуэдэ нэгъуэщI колледжхэм щеджэхэм яйхэм егъэпщэныжьмкIэ. Къинэмыщlауэ, студентхэр кIалъэплъыф я хьэрхуэрэгъуэхэм я Iуэху зехьэкIэ мардэхэм. Абыхъм я нэхъыфIхэр лэжьыгъэ Iэнатlэм иужькlэ къыщагъэсэбэныфынущ а Iэщlагъэлl ныбжьыщlэхэм.

Зэпеуэхэр къыдэрыщыхъуам тепсэлъыхьыжу, Каринэ жеIэ апхуэдэ зэхьэзэхуэм Iэмал къыдат ди еджакIуэхэм ябгъэдэлъ щIэныгъэр, Iэзагъыр зыхуэдэр къэпщытэныжьмкIэ, абыхъм ябгъэдэлъ зэфIэкIхэр дэ тхуэдэ нэгъуэщI колледжхэм щеджэхэм яйх

Къумахуэ Мухьэдин

Гъут Іэдэм

Зумакулов Борис

Профессор ХьэкІуащэ Андрей и псалъэ.

● Пшыхьхэр

Нобэми лъэпкъым хуолажьэ

Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым иджыблагъэ щагъэлъэпІащ а театрым и лъабжьэр зыгъэтІылъа, тхакІуэ, драматург Шортэн Аскэрбий къызэралъхурэ илъэси 100 ззэрырикъур.

ЛЪЭПКЪ литературэм мыкІуэдыжьын лъэужь къыхэзына Шортэн Аскэрбий артистхэм ядэлажьэу, цІыху цІэрыІуэхэм я гъусэу, пэкІым къыщыпсалъэу траха и сурэтхэм я гъэлъэгъуэныгъэ щащІат театрым и пІэлъщІэ пэшым.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** къызэІуихащ фэеплъ пшыхьыр.

- Тхыдэр и лъабжьэу ягъэ адыгэ роман зытха Шортэн Аскэрбий лъэпкъ литературэм хэлъхьэныгъэ ин хуищІат. Зэманым декІу адыгэлІым, тхакІуэм хузэфІэкІащ къызыхэкІа лъэпкъым зригъэужьын, абы и щэнхабзэ зэхэщІыкІым хигъахъуэн. Зи зэфІэкІыр къуэпсыбэ Аскэрбий щеджэ зэманым лъандэрэ пьесэхэр итхырти игъэувыжырт. Абы къарушхуэ хилъхьащ лъэпкъ ІуэрыІуатэр зэхуэхьэсыжыным. Къалэмым хуэІэижь Шортэныр Хэку зауэшхуэм хэтащ, абы къыщыгъэльэгъуа лІыгъэм папщІэ орден, медаль зыбжанэ къыхуагъэфэщащ. Зауэ нэужь лъэхъэнэ хьэлъэмэ Аскэрбий тхэн щигъэтакъым. ЩІэныгъэ лэжьыигъэмрэ творческэ зэфІэкІымрэ Іэзэу зэдезыгъэкІу Шортэныр нэхъ зыхуэІэижьыр зэхэгъэкІыгъуейт. Абы и Іэдакъэщ1экІ дэтхэнэри лъэпкъ литературэм и фІыгъэушхуэщ. ЗауэлІ хахуэу, тхакІуэ лъэщу, драматург Іэзэу зэрыщытам къыщымынэу, ар цІыхугъэшхуэ зыхэль адыгэлІ щыпкъэт. «Зэманым декІур лІыфІщ», - жиІауэ щытащ Къзэнокъуэ Жэбагъы. Зэманым декІым и мызакъуэу, абы «къуэхэр» зыхищІэри, и тхыгъэхэмкІэ пэджэжащ Аскэрбий. Ар зыхэпсэукІа лъэхъэнэ гугъур и Іэдакъэщ1экІэхэмрэ и лэжьыгъэ купщІафІэхэмкІэ цІыхухэм ядигъэпсынщІащ, - жиІащ Хуамахуэм.

Филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБР-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым адыгэ ІуэрыпсэмкІэ и къудамэм и унафэщІ **Гъут Іэдэм** псалъэ щыраты**м и институтым Шортэн Аскэрбий и щІыхькІэ щрагъэкІуэкІа конференцым ипкъ иткІэ къыдагъэкІыжа тхыгъэм тхакІуэм теухуауэ ит гукъэкІыжхэм ящыщ къызэхуэсахэр щІигъэІуащ.**

КъБР-м Цыхум и хуитныгъэхэр хьумэнымкІэ и уполномоченнэу щыІэ Зумакулов Бориси Шортэн Аскэрбий псалъэ гуапэ куэд хужиІащ.

- Граждан зауэм хэта, политикэ лэжьакІуэ жьыджэру щыта си адэр ягъэуцІыину иужь къыщихьэм, Аскэрбий хузэфІэкІ къигъэнакъым пэжыр наІуэ къыщыжьынымкІэ. Хуабжьу сыкъуаржэщ, СощІэж, сыцІыкІІу, си адэм Аскэрбий тхыгъэ гуэр хузигъэхьат. Абы еджа иужь си Іэр быдэу кикъужри, «Борис, уи адэм щапхъэ тех. ИкъукІэ цІыху нэгъэсащ», - къызжиІауэ щытащ. А псалъэхэр си гуапэ къэуэтэгъуейщ икІи сэ быдэу къызэгурыІуащ цІыхум и гуапэ пхузэщІыжьыкІэ удэІэпыкъуфыну зэи къэбгъанэ зэрымыхъунур. ИужькІэ партым и обкомым и секретару сыщыщытха лъэхъэнэм Шортэн Аскэрбий и лэжьыгъэм хуэфащэ пщІэ хуэщІынымкІэ сыт хуэдэ дэфтэрми си гуапэу Іэ щІэздзащ. Шортэн Аскэрбий хуэдэхэр зэи тщыгъупщэнукъым, - жиІащ Зумакуловым и псалъэхэм я кІэухыу.

Филологие щІэныгъэхэм я доктор **ХьэкІуащэ Андрей** и цІыхугъэу щыта тхакІуэм теухуауэ куэд зыщІымыгъуазэ хъыбархэр къиІуэтэжащ.

- ЛІыгъэ, цІыхугъэшхуэ зэрыхэлъам, щІэныгъэ зэриІам и мызакъуэу, Аскэрбий ныбжьыгъуфІт. Ар ящыщащ Щоджэнцыкі1у Алий хуэпэжу бгъэдэта цІыху зырызхэм. Зауэ нэужь лъэхъэнэм Алий и унагъэм зыфІаща Щоджэнцыкі1ым и щхьэгъусэ ШэИздэтра и бынхэмрэ зэрышхэн карточкэ кърататэкъым, зыщІэс унэми къыщІахури, нэгъуэщІ зыгуэрэкр щІагъэтІысхат. Шортэнрэ ар къыщищІэм, унэм щІагъэтІысхьахэр къыщІигъэкІыжри, Щоджэнцыкі1ым и унагъэр щІигъэтІысхьэжат. ИужькІэ «Къамботрэ Лацэрэ» спектаклыр Аскэрбий театрым щыщигъэувам, абы къыпэкІуа гугъуэхьыпІщэр (гонорарыр) Алий и унагъэм иритыжат. Апхуэдэ и Іэзхущіафэхэр щыхьэт тохъуэ Шортэныр псэ хьэлэл зиІэ цІыху нэсу зэрыщытам.

Шъэрэшей-Шэрджэс Республикэм хъыбгъэдэкІыу пшыхьым къеблэгъахэу тхакІуэ **Даур Жэгъэфаррэ** Урысейм ис адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономием и унафэщІ **Уэхутэ Александррэ** Шортэным и Іэдакъэщ1экІэхэр езыхэми яфІэфІу зэраджям, ар къэбэрдейхэм я мызакъуэу, дунейм адыгэу тетым зэдай тхакІуэу къызэралъытэр къыхагъэщащ. Даур Жэгъэфар къиІуэтэжащ Шортэным ифІ куэд шэрджэс адыгэхэм екІуэу зэрыщытар. Унагъуэ хуэмышІам къыхэкІа е адэжанэ щхьэщымытыжу школыр фІы дыдэу къэзыуха ныбжьыщІэ зыбжанэ Аскэрбий КъБКъУ-м щІигъэтІысхащ.

- Шортэным дэлэжьэну, абы бгъурытыну зи насып къикІахэм сохъуапсэ. Гупсысэм и къигъэхъуапІэ цІыхут ар. Абы и «Бгырысхэр» романыр сыт и уасэ?! Шортэным теухуауэ ар зыщІыхуахэм я гукъэкІыжхэм ущыщІэдзІыкІэ, абы Іэхуфіхэмкіэ гъэнщІауэ къикІуа гъащІэ гъэгуанэм ущриплъэкІэ, ар къызыхэкІа лъэпкъым и хъугъуэфІыгъэшхуэу зэрыщытыр къыбгуроІуэ, - жиІащ Уэхьутэ Александр.

«ЩІэ зэхэпх нэхърэ, зэ плъагъу», - псалъэ Іущхэр къалъытат тхакІуэм и пшыхьыр егугъуу зыгъэхьэзырахэм. Шортэн Аскэрбий и Іэдакъэщ1экІхэм ящыщ пычыгъэхэм пшыхьым къыщерагащ Къзбэрдей къэрал драмэ театрым и артистхэр. «Уэлэхьи, пэжтэм» гушыІэ рассказым щыщ Іыхьэ утыкум кърихьащ КъБР-м щыхь зиІэ и артист Мысост Вадим, «Яшэмрэ къэзышэхэмрэ» пьесэм щыщ теплъэгъуэ КъБР-м и цІыхубэ артисткэ Щэрмэт Людмилэрэ КъБР-м щыхь зиІэ и артисткэ Тхьэщыгъуей Жаннэрэ ягъэзэщІащ, Сосрыкъуэ Хасэм зэрыхьхьа щыкІэр Хьэмыз Ахьмэд игъэзэщІащ.

ЦІыхум ищІам пщІэ щиІэр абы къыпызыщэн, къэзылъытэн щІэблэ къыщІэхъуамэщ. Шортэн Аскэрбийрэ КъБАССР-м щыхь зиІэ и артисткэ Хьэжмэт Даниткэрэ щІалитІрэ зы хьыджэбзэрэ зэдагъэтати, дэтхэнэми и цІэр фІыкІэ къраІуэу, къыхаха Іэнатіэм хуэпэжу, зыхэтым фІыкІэ къаухщу мэпсэу. «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и солистхэу ильэс куэдкІэ щыта, УФ-м щыхь зиІэ и артисткэ, КъБР-м и цІыхубэ артисткэ, «Кавказ пшэплъхэр» ныбжьыщІэ ансамблым и хореограф, балетмейстер Шортэн Аллэ хэт зымыщыкІыр?! Абы и щыхькІэ «Кабардинка»-м уэрэкъ кьафэ щигъэзэщІащ утыкум.

«ЦІыхур псэущ, и цІэр къизыІуэн щыІэхукІэ», - жиІауэ щытащ псэрэйм. И тхыгъэ купщІафІэхэмрэ и пьесэ гуимыхужжэмкІэ Шортэныр нобэми лъэпкъым хуолажьэ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Даур Жэгъэфаррэ Уэхьутэ Александррэ

Созаев Ахъмэт



Гъуэгуанэ хьэлъэм иригъэзэшауэ

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Спартак-2» (Мэзкуу) - 1:1 (1:0) Налшык. «Спартак» стадион. Мэлыжьыхьым и 12-м. ЦІыху 900 еплъащ.

Судьяхэр: Галимов (УланУдэ), Степанов, Политов (ТІури Томск щыщщ).

«Спартак-Налшык»: Антипов, Кузнецов, Дашаев, Соблир, Марченкэ, Каркаев (Войнов, 66), Багъэтыр (Бойчук, 81), Мухьэммэд (Семёнов, 77), Крамаренкэ (Ахриев, 82), Дроздов, Ахьадов.

«Спартак-2»: Максименкэ, Хомухэ, Лихачёв, Кутьин, Самсонов, Савичев (Руденкэ, 87), Леонтьев, Пантелеев, Давыдов (Нимели, 66), Мелкадзе, Федчук.

Топхэр дагъэкІащ: Дашаевым, 28 (1:0). Нимели, 72 (1:1).

Дагъуэ кьыхуащІащ: Багъэтырым, Федчук, Нимели.

ВЛАДИВОСТОК къызэрикІыжкрэ махуитІ-щы фІэкІа дэмыкІауэ тхьэмахуэ махуэм кьапэщылъа джэгуГъуэр «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм къазэрехьэлъэкІынкр гурыІуэгъуэт. Абы щыгъуэми я хьэрхуэрэгъуэ рпэ дивизионым щынэхъ лъэщхэм икІи зи гъуащхьэуазэхэм топ нэхъыбэ дыдэ дзэзыгъэкІхэм ящыщ Мэзкуу и «Спартак-2» командэрат.

ЗэІущэм зэрыщІидзэу хьэщІэхэр зэрыгупу ебгъэрыкІуэу хуежьащ икІи япэ дакъикъэхэм тІэунейрэ бжьыгъэр къызэІуахьфыну щытащ. Ди насыпти, Антиповым ахэр къызэтригъэувыІащ. «Спартак-2»-м и футболист ныбжьыщІэхэр хуабжьт, ІэкІуэтакІуэт икІи Іэзэт. Арщхьэкіэ хуэм-хуэмурэ хьэщІэхэр ужьыхьыу хуежьащ икІи, ар къагъэсэбэпри, налшыкдэсхэр япэ ищащ: Каркаев Алим штрафной щцеуэм къыхита топыр Дашаев Аслъэн щхьэкІэ дахэу дигъэкІащ. Хьэлэмэтращи, а шэшэн гъуащхьэхъуэмэращ ди командэм щыщу мы зэхьэзэхуэм топ нэхъыбэ дыдэ щыдэзыгъэкІар - 5. Ар уэхэзыгъаплъэщ.

Загъэпсэхуу къиихьэжа иужькІэ «Спартак-Налшыкым» и екъуІэнэгъэр щІигъэкІуэкІыжьынуращ. Ижь дыдэ джэгуГъуэ пщІондэ «Спартак-Налшыхьэкіэ судьям ди щІалэхэм дагъэкІа етІуанэ топыр хибжакъым, Ахьадов Аптин футбол хабзэр къызэрызэпиудам къыхэкІыу.

Я Іэхур щымыхъум хэгъэрейхэр икІуэтжащ. Абы тригъэгушуа мэзкуудэсхэм яebгъэрыкІуэныгъэхэр яГъэлъэщащ икІи 72-нэ дакъикъэм бжьыгъэ зэхуэдэ ящІыжьыфащ.

КъуэкІыпІэ Жьжьэм зэрыщыІам къару куэд зыфІигъэкІуэда «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм текІуэныгъэм зэрыщІэбэнын зэфІэкІ къахуэнэжатэкъым. «Спартак-2»-ри арэзыт, Къзбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм зы очко иришмэ. Арати, джэгур 1:1-уэ иухащ.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и япэ дивизионым 2016 - 2017 гъэхэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэр зэфІэкІыным къэнэжар мащІэ дыдэщ: командэхэм я нэхъыбэм зэІущІэ блырыбл ирагъэкІуэкІыжьынуращ. Ижь дыдэ джэгуГъуэ пщІондэ «Спартак-Налшыкыр» абы къыхэнэну зэрынякъуэкъуэнум шэч хэлъкъым. Ди щІалэхэм кьапэщытщ хуабжьу зэІущІэ хьэлъэхэр.

Абы щыгъуэми, зэхьэзэхуэр иухыным мазэм щІигъуи иІэжу наІуэ хуэщІ премьерлигэм занщІэу кІуэнухэм языр. Ижь зэІущІэм ар «Химки»-м щыпэмыльэщами, ещанэ увыпІэм щытыр къызэрыльащІэмыхьэжынр зэхэкІащ «Факел»-мрэ «СКА-Хабаровск»-мрэ зэрытемыкІуэфам къыхэкІы.

Адэкіэ щыгъуазэ фыхуэтщІынщ япэ дивизионым иужьу щекІуэкІа зэІущІэхэм къарикІуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: «**Зенит**» (Санкт-Петербург) - «**Тамбов**» (Тамбов) - **3:3**, «**Волгарь**» (Астрахань) - «**Тосно**» (Ленинград область) - **0:1**, «**Динамо**» (Мэзкуу) - «**Химки**» (Химки) - **0:0**, «**Балтика**» (Калининград) - «**СКА-Хабаровск**» (Хабаровск) - **0:0**, «**Тюмень**» (Тюмень) - «**Мордовия**» (Саранск) - **2:1**, «**Енисей**» (Красноярск) - «**Сибирь**» (Новосибирск) - **3:2**, «**Нефтехимик**» (Нижнекамск) - «**Луч-Энергия**» (Владивосток) - **1:1**, «**Шинник**» (Ярославль) - «**Кубань**» (Краснодар) - **0:1**, «**Сокол**» (Саратов) - «**Факел**» (Воронеж) - **2:1**.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и япэ дивизионым къыкІэлъыкІуэ джэгуГъуэр дыгъуэпшыхь зэхэтащ. «Спартак-Налшыкыр» Великий Новгород кьалэм щыІущІащ Ленинград областым и «Тосно» командэм. Премьерлигэм хьыхьэн папщІэ хэгъэрейхэм къахуэнэжар бымащІэ дыдэщ икІи ди щІалэхэр зэрамыгъэтынщам щэч хэлъкъым.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и япэ дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	«Динамо»	31	20	9	2	52-22	69
2.	«Тосно»	31	18	9	4	53-23	63
3.	«СКА-Хабаровск»	31	12	11	8	36-28	47
4.	«Спартак-2»	31	12	10	9	45-35	46
5.	«Факел»	31	12	10	9	33-30	46
6.	«Шинник»	31	12	9	10	33-28	45
7.	«Енисей»	31	13	6	12	39-36	45
8.	«Тюмень»	31	11	11	9	37-34	44
9.	«Кубань»	31	10	13	8	33-30	43
10.	«Тамбов»	31	10	10	10	29-30	40
11.	«Химки»	30	9	13	8	31-34	40
12.	«Луч-Энергия»	31	9	11	11	23-31	38
13.	«Спартак-Налшык»	31	7	14	10	23-28	35
14.	«Зенит-2»	31	7	14	10	35-41	35
15.	«Волгарь»	31	9	7	15	31-41	34
16.	«Сокол»	30	6	15	9	30-40	33
17.	«Мордовия»	31	9	6	16	29-40	33
18.	«Сибирь»	31	7	12	12	25-36	33
19.	«Балтика»	31	5	14	12	19-31	29
20.	«Нефтехимик»	31	5	8	18	24-42	23

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж Балигъ мыхъуахэм я Іэзэхуэмрэ абыхэм я хуитныгъэхэр хъумэнымкІэ щыІэ комиссэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэныем теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм гъатхэпэм и 24-м Налшык къалэ №41-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж Балигъ мыхъуахэм я Іэзэхуэмрэ абыхэм я хуитныгъэхэр хъумэнымкІэ щыІэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м кьыдигъэкІа унафэ №311-ПП-мкІэ къищтам, мы кьыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Комиссэм хэгъэхьэн мы кьыкІэлъыкІуэхэр:

Джэдгъэф А. М. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мусылъымэнхэм я дин Іуэхущ1апІэ» дин зэгухэныгъэм и тхьэмадэм и къудзэр *(зэгурыІуауэ)*

Мамхэгъ Н. М. - къэрал кІуэцІ ІэзэхуэхэмкІэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и къудзэр - Къэрал кІуэцІ ІэзэхуэхэмкІэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и полицэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Мокаев А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэзэхуэмкіэ и министерствэм и къудамэм и унафэщІыр *(комиссэм жэуап зыхь и секретари);*

б) **Къумыкъу І. М.** и къулыкъым зэреджэр мы кьыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапІэм и проректорыр *(зэгурыІуауэ)»;*

в) **Шыбзыхъуэ Н. Хь.** и къулыкъым зэреджэр мы кьыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университет» щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапІэм и студентхэм я профсоюз комитетым и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)»;*

г) Комиссэм кьыхэгъэкІыжьын Герузов А. Ж., Пекъу З. М., Стародубцевэ С. С., Татуе Къ. Б. сымэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэ щхьэхуэхэм къару ямыІэжу къэлъытэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм гъатхэпэм и 24-м Налшык къалэ №43-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

Кьару ямыІэжу къэлъытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэхэу мы кьыкІэлъыкІуэхэм:

«Фэтэр куэд хьу унэхэр зезыхьэ организацэхэм коммуналнэ Іуэхутхьэбзэхэр зэфІагъэкІын папщІэ зыхуей ресурсхэм я уасэр тынымкІэ я кредитор щІыхуэхэм, ресурсхэмкІэ къызэзыгъэпэщ организацэхэм гъэсныныпхъэ-энергетикэ ресурсу коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэгъэкІыным трагъэкІуадэхэм я уасэр тынымкІэ я кредитор щІыхуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэрыщыкІэлъыпІль системэ зэтегъэуэвэнымкІэ Правительствэм и комиссэм, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 21-м кьыщта унафэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным я Іуэхукіэ» №251-ПП-м щІэту 2015 гъэм щэкІуэгъуэм и 3-м кьыщтам;

«Фэтэр куэд хьу унэхэр зезыхьэ организацэхэм коммуналнэ Іуэхутхьэбзэхэр зэфІагъэкІын папщІэ зыхуей ресурсхэм я уасэр тынымкІэ я кредитор щІыхуэхэм, ресурсхэмкІэ къызэзыгъэпэщ организацэхэм гъэсныныпхъэ-энергетикэ ресурсу коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэгъэкІыным трагъэкІуадэхэм я уасэр тынымкІэ я кредитор щІыхуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэрыщыкІэлъыпІль системэ зэтегъэуэвэнымкІэ Правительствэм и комиссэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» №916-ПП-м щІэту 2016 гъэм мазаем и 15-м кьищтам;

«Фэтэр куэд хьу унэхэр зезыхьэ организацэхэм коммуналнэ Іуэхутхьэбзэхэр зэфІагъэкІын папщІэ зыхуей ресурсхэм я уасэр тынымкІэ я кредитор щІыхуэхэм, ресурсхэмкІэ къызэзыгъэпэщ организацэхэм гъэсныныпхъэ-энергетикэ ресурсу коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэгъэкІыным трагъэкІуадэхэм я уасэр тынымкІэ я кредитор щІыхуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэрыщыкІэлъыпІль системэ зэтегъэуэвэнымкІэ Правительствэм и комиссэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» №1122-ПП-м щІэту 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 8-м кьищтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 21-м кьищта унафэ №174-ПП-мрэ апхуэдэу фэтэр куэд хьу унэхэр зезыхьэ организацэхэм коммуналнэ Іуэхутхьэбзэхэр зэфІагъэкІын папщІэ зыхуей ресурсхэм я уасэр тынымкІэ я кредитор щІыхуэхэм, ресурсхэмкІэ къызэзыгъэпэщ организацэхэм гъэсныныпхъэ-энергетикэ ресурсу коммуналнэ Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэгъэкІыным трагъэкІуадэхэм я уасэр тынымкІэ я кредитор щІыхуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэрыщыкІэлъыпІль системэ зэтегъэуэвэнымкІэ Правительствэм и комиссэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» №2128-ПП-м щІэту 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 22-м кьищтам.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакІуэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1ым и къудзэ **Мовсисян Грант Олег и къуэм** хуогузавэ абы и адэ **Мовсисян Олег Черкес и къуэр** дунейм зэрехьажам къыхэкІыу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакІуэхэмрэ гущІыхьэ ящыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1ым и деж щыІэ Жылагъуэ советым хэта, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етІуанэ, ещанэ хэхьэгъуэхэм я депутату щыта **Гуляевэ Валентинэ Василий и пхъур** дунейм зэрехьажар икІи абы и Іыхьлыхэмрэ я благъэхэмрэ яхуогузавэ.

Къуэшыркъуейм я щIэблэр анэдэлъхубзэмрэ хабзэмрэ щIапIыкI

Къэбэрдей-Балъкъэрым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэмкIэ и министерствэм иубзыхуа лэжьыигъэм ипкъ иткIэ «Си бзэ - си псэ, си дуней» хэгъуэгуфIо зэпеуэр Кэнжэ (Къуэшыркъуей) дэт 20-нэ курыт еджапIэм щекIуэкIащ. Адыгэ хабзэм тету ирагъэблэгъа къэпщытакIуэ гупыр псом япэ адэ-анэхэмрэ сабийхэмрэ ягъэхьэзыра адыгэ пщIантIэм дашащ, адыгэ шхыныгъуэхэр щапщэфI жьэгум пэрашащ. ПщIантIэм цIыхур дэст, зэрыкъуажэу зэхуэсауэ къыпфIэщIу, ныбжьыщIхэм джэгу ящIырт, шыгъэджэгури утыкум итт.

«НЭХЪЫЖЬЫфI здэщымыIэм нэхъыщIэфи щыIэкъым» - жаIэ. Нэхъыжьым хуэхъубжьэр иЫгыэу, нэхъыщIэр абы и щIыб къыдэту хьэщIэм къызэрыпежьа щIыкIэм фэрыщIыгъэ-джэгуалъэ зэрыхэмылъыр кьиГъэлъэгуаи и мызакъуэу, жьлэм хабзэ зэрыщIекIуэкIри, жьыимрэ щIэмрэ зэхуищытыкIэ дахэ я зэхуаку зэрыдэлъри нахуэ кьищIащ.

КъэпщытакIуэ гупыр здрагъэблагъа еджапIэми щекIуэкIыр зыкIи къыкIэрыхуртэкъым щIыбым щалъэгъуам. Зыр гъэсэныгъэ лэжьыигъэм тещIыхьамэ, еджапIэ кIуэщIым щекIуэкIыр егъэджэныгъэм пыщIат. КъэпщытакIуэхэр еплъащ еджакIуэ цIыкIухэм я къурхьами: щыгъэ зэхэблэкIэ Iэпэщысэ зэхуэмыдэхэр зэращым, дыщэ IуданэкIэ зэрыхадэкIым, пхъэм къызэрыхаIущIыкIым, н. къ. Дэтхэнэ зы Iэнатlэми щекIуэкIым езы сабийхэр адыгэбзэкIэ тепсэлъыхьащ, ящIэр зищIысми зэпкърыхауэ и гугъу ящIащ.

ХьэщIэхэм гъэщIэгъуэн ящыхъуащ еджапIэ дэпкъым екIуэкIыу къыщыфIэдза пхъапкъ дамыгъэхэм я сурэтхэри. ЕджапIэм и унафащI Аслъэн Майе зэрыжиIамкIэ, «Псэ жыгкIэ» зэджэ проектым и зы Iыхьэщ пхъапкъ дамыгъэхэм я гъэльэгъуэныгъэр. Сурэт къудейтэкъым ахэр. Щхьэж и лъэпкъыщIэр тету ягъэхьэзыра дэтхэнэ зы дамыгъэри еджапIэм къекIуалIэ сабийхэм ейц. ЕтIуанэрауэ, дамыгъэхэр псори дыщэидэ защIэу щIат. Дерсымрэ дерсщIыб лэжьыигъэмрэ зэрызэпыщIам и щыхьэт ар.

КъэплъыкIыным зэрызэфIэкIыу къэпщытакIуэ гупыр кьиузытекIухьа Iуэхум - дерсхэр зэрекIуэкIым кIэлъыплъыным - пэрыхьащ. Мы махуэм еджапIэм игъэльэгъуащ «мастер-класс» жыпхъэм ит дерсипI.

Ялэу къэпщытакIуэхэр зрагъэблэгъа дерсыр еханэ классым щригъэкIуэкIырт илъэс куэд хьуауэ егъэджакIуэ IэнатIэм пэрыт МахуэлI Ларисэ. Жылэтеж Сэлэдин и къыбар «КIыгуугу лъэпкъыи и кIуэдыжьыкIар» литературэ псысэм теухуа дерсым Iэмал куэд къыщигъэсэбэпащ Ларисэ икIи еджакIуэхэм тхыгъэр Iэкlуэльакlуэу яхуэзэпкърихащ. Сабийхэм щыуагъэншэу псалъэжь гупым кьыхагъуатэрт псысэр зытепсэлъыхьыр кьэзыIуатэу ялъытэр. Яджыр нэхъ кууэ къагуригъаIуэрэ я гупсысэм зезыгъэужь, гъащIэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэр зэрызэпыщIам щызыгъэгъуазэ предмет зэмылIэужьыгъуэхэм я зэпыщIэныгъэхэм теухуа проектхэр утыку кьрахьэу лэжьыгъэхэр щагъэзэщIащ дерсым и кIуэдкIэ. Бзухэм ятеухуауэ гуп-гупкIэ ягъэзэщIа проект лэжьыигъэри утыку кьрахьащ. ЕджакIуэхэм я Iуэху еплъыкIэ зэтемыхуэхэр наIуэ къыщащIым, я гупсысэкIэмрэ къэпсэлъэкIэмрэ икъуакIэ удахьэхыр. Урокым щаджар кьыщызэщIакъуэжьым Къуэдзокъуэ Хьэсэн и «Зыхэхуэм фэкIэ задригъэкIуу, Адыгэм и бзэр ихьуэжакъым» гупсысэр ягу кьагъэкIыж. ЕгъэджакIуэм и гъэсэнхэр хуешэ мы гупсысэм: «НэгъэущIыбзэ зэдгъэщIэнми ди бзэр нэгъэущIым ищIэнми емыкIу илъкъым - ди ерыскъы зэIулъщ, ди IуэхущIафэ зэхэхакъым». Мы гупсысэм псори арэзы тохьэ. Дерсым къыщIигъэсэбэпа Iэмалхэмкlи, ядригъэкIуэкIа псалъэмакъыикIи Ларисэ еджакIуэ цIыкIуэм я гум къыщигъэушащ и бзэр хъумэжьным, абы гулъытэ хуэщIыным къыхуезыджэ гупсысэ. Мы дерсым абыхэм къыхаха Iущигъэ нэхъыщхьэр езыхэм къыIуэтэжащ Эйнштейн Альберт и псалъэхэмкIэ: «Забийр губзыгъэ фщIыну фыхуейимэ, псысэ фыкъыхуеджэ. Нэхъ губзыгъэж фщIыну фыхуейимэ, псысэ нэхъыбэ фыкъыхуеджэ».

ХьэхъупащIэ Лерэ 3-нэ классым щита мастер-классри купщIафIэу, гъэщIэгъуэну иригъэкIуэкIат. Къэзанокъуэ Жэбагъы теухуа «Iуэху цIыкIу щыIэкъым, лIы цIыкIу мыхъумэ» хъыбарыр зэпкърахьи щхьэкIэ гупсысэкIэм, Iуэху еплъыкIэм зезыгъэужь кьеджэкIэ технологиер егъэджакIуэм и лэжьыгъэм и зы Iэмэпсымэу кьищтащ. Абы къигъэсэбпащ художественнэ тхыгъэр зэпыдуаэ егъэджын, кластер Iэмалхэр. Абы ипкъ иткIэ дерсым и «хуэзыгъэуш» Iыхьэм тегъэщIапIэу къыхаха псалъэхэмкIэ Iуэхугъуэр зэфIагъэувэж. Текстым и цIамкIэ ягъэбелджылы ар зытеухуауэ щытынур. Пычыгъуэрэ зэпыдуаэ хъыбарыр ядж, къэхъункIэ хъунур, сюжетыр зэфIагъэувэ. КъыкIэлъыкIуэу егъэджакIуэм сабийхэр ирешалIэ пычыгъуэхэр зыуэ зэпызыщIэ и Iуэхугъуэм, зэрагугъамрэ къызэрыщIэкIамрэ зэрагъэпщэж. Апхуэдэу, дерсым увыIэшхуэ щаубыдырт псалъэжьхэм, жьIэгъуэхэм: «Iуэхум и пэр умыщIэмэ, и кIэр пщIэркъым», «Iуэху зи куэд шыгъэджэгу ещI», «Iуэху зэхэмыбз щхьэгъэузщ», нэгъуэщIхэри. Къэзанокъуэ Жэбагъы и псалъэ Iущу псалъажь хъуахэм, а лIы губзыгъэм теухуауэ яIуэтэж хъыбархэм 3-нэ классым щеджэ сабийхэм гъэсэныгъэу кьыхахьыфынур Iэмал гъэщIэгъуэнхэмкIэ ябгъэдилъхьащ Лерэ. Дерсым щызэпкъраха Iуэхугъуэхэр кьыщызэщIакъуэжьым, ар и гъэсэн щыкIуэм кьахуеджащ зытепсэлъыхьа Iуэхугъуэхэм япэджжэ псалъэхэр кьызыхэщ уэсэ цIыкIу:

ГъащIэм щыхэпсэ псор ууейщ...
Хэсэ лэжьыгъэ - мылъку Iубохьж,
Хэсэ нэмыс - уи нэмысыр докIуей,
Хэсэ насып - мэхъу уи гъащIэр
нэхъ кIыхь...

КъэпщытакIуэхэр зыщIэса мыдрей дерсхэми (дунейпсо тхыдэмкIэ (Вэрокъуэ 3.), географиемкIэ (Къэзанш И.) кьагъэльэгъащ егъэджакIуэхэр еджэныгъэм пыщIа щIэныпхъэхэм фIыуэ зэрыщIыгъаазэр, зыхэт сабийхэм я ныбжьымрэ я зэфIэкIымрэ къальытэкIэрэ, дерсым бгъдыхьэкIэ зэхуэмыдэхэр кьызэрыкуагъэутыр, лъэпкъ дуней лъагъуэкIэм кьыхэкIа гъэсэныгъэ Iэмалхэмкlи дерсыр щыз зэращIым. Адыгэбзэр иджыдрей технологием кьит Iэмалхэм кьакIэрыху зэрымыихьунури нахуэщ, абыкIэ еджапIэм бгъэдэлъ зэфIэкIри егъэджакIуэхэм ягъэIуры-щIащ. Къэпщытакlуэхэм гъэщIагъэм ящыхьащ адыгэбзэ дерсу щымыт тхыдэмрэ географиемрэ сабийхэм зэрыбгъэдалъхьа щыкIэр. Нэрылъагъут еджакIуэхэм тхыдэ къэхъукъащIэхэмрэ кьэзыухъуреихь дуней-мрэ адыгэбзэкIэ тепсэлъыхьыныр зэрамыжагъуэр, зэрыдахьэхыр, щIэщыгъуэ зэращыхъур. Адыгэбзэкlэ проект лэжьыгъэу ягъэхьэзырам еджакIуэхэм ягу етауэ зэрелэжьари, дихьэхыу иужь зэритари я утыку кьихьэкIэм наIуэ пщищIырт.

Иужьрей илъэситIым кьриубыдэу еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ ехьэлIауэ щекIуэкI Iуэхугъуэхэмрэ а лэжьыгъэр методикэ и лъэныкъуэкIэ кьиззэрызэгъэпэщамрэ теухуауэ кьэпсэлъащ «Филологие» методикэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Тэтэр Сафлинэ, адыгэбзэмкIэ езыгъаджэхэм я пашэ Къэзаныш Нинэ сымэ.

Методикэ зэгухьэныгъэм утыку кьрихьа лэжьыигъэм щыщу хуабжьу мыхьэнэшхуэ зиIэу, игъуэу кьэIэта хьуауэ Къэпщытакlуэ гупым кьыхигъэщащ адыгэбзэр зэрадж «Адыгэбзэ. ПэщIэдзэ. Азбукэ» мультимедие интерактив проектыр, 9-нэ классым щеджэ ЛIуп Ислъам игъэхьэзыра (щIэныгъэ унафэщIыр ЛIуп М.). Лэжьыигъэр зыгъэхьэзырам кьызэрыхигъэщамкIэ, проектыр хуэунэтIащ адыгэбзэм и макъ кьэгъэIуегъуейкэр бзэр зыджым зэгъэщIагъэуафIэ щыщыным, абы кьыдэкIуэу псалъэ нэхъыби ицIыхуа зэрыхъуным. Проектым нэхъ зэхэхауэ утепсэлъыхьмэ, пэщIэдзэ классхэм щIэс еджакIуэ цIыкIухэм адыгэбзэ азбукэм темызащIэу, ар нэхъ зэгъэщIагъуафIэ ящыхъун папщIэ джэгукIэ Iэмалхэр кьыщыгъэсэбэпа мультимедие лэжьыгъэщ. Программэр Iуэхугъуитlым тещIыхьащ: интерактивнэ бгъэдыхьэкIэ иIэу дерсыр кьует икIи укъепещытэж. Макъыр щигъэIукIэ, ар езыгъэбыдылIэ сурэт уегъэльагъу, апхуэдэурэ псалъэщIэхэм я бжьгъэм хэхъуэрэ макIуэ. КъыкIэлъыкIуэ дерсым уедэIуэну Iэмал щыбгъуэтыр абы и пэ ита кьалэныр дагъуэнщэу бгъэзащIэмащ. Апхуэдэу, программэм и кIэм пэжу пта жэуапымрэ уи щыуагъэхэмрэ я бжьгъэр уегъэльагъуж.

ЛIуп Марианнэ кьыхигъэщащ хамэ кьэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэм адыгэбзэр зрагъэщIэнымкIэ мы программэр кьаэзрыхуэсэбэпынур икIи ар дяпэкIи зэрыригъэфIэкIуэнур.

Лэжьыигъэр щиухым Къэпщытакlуэ гупыр Къуэшыркъуей дэт Щэнхабзэмкlэ унэм ирагъэблагъащ. ЕгъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ зэгъуэгъэ кьыззрагъэпэща концертым абы кьрихьэлIа хьащIэхэр яфIэгъэщIэгъуэну ерлъащ. Пшыхьым кьыщыIуащ адыгэ уэрэдыжьхэр, усэхэр, усэрыбжэхэр. Кьыхэгъэщыпхъэщ еджапIэм «Шагъдий» зи цIэ ныбжьыщIэ ансамбль зэриIэри. Гупым екIу дыдэу ягъэльэгъуащ «Убых къафэ», «Лъапэрис» кьэфэкIэ лIэужьыгъуэхэр.

Махуэр лэжьыигъэкIэ нэсу гъэнщIауэ екIуэкIащ. Къэпщытакlуэ гупым хэтхэм дежкIэ нэрылъагъут анэдэлъхубзэм и Iуэхур Iэпэдэгъэлэл зыщIхэм, IэхъуэгъуэтегъэкIыу бгъэдыхьэхэм мы еджапIэр зэращIымыщIыр. Нэхъ тэмэжу жыпIэмэ, щапхъэ зытепх хъун лэжьыигъэ хъарзынэ кьыщIэтащ Къуэшыркъуей дэт 20-нэ курыт еджапIэм.

ЩОДЖЭН Iэминат.

Си бзэ - си псэ, си дуней

«Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестиваль-зэпеуэр Дэбагъуэ Барэсбий и цIэр зэрихьэу Шэджэм къалэм дэт 1-нэ курыт еджапIэм, дерс щхьэхуэхэр кууэ щрагъэджым, щекIуэкIащ. Абыхэм яхуеблэгъат Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и министерствэм и къэпщытакIуэ гупыр.

КъАлЭ дэлъэдапIэм щынэсым хьэщIэхэм кьапежьащ Шэджэм къалэм и Iэтащхьэ **Уэдыжь Хьэсанш**. Шэджэм щIыналъэм егъэджэныгъэм пыщIа и Iуэхущ1апIэхэм я Iэщ1агъэлIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Щад Аэджэрий**. Шэджэм щIыналъэм егъэджэныгъэмкlэ и Iуэхущ1апIэм и унафэщI **Iэрыпщэ Жаннэ**. Лашынхэкъ ящыхъуэм и Iэтащхьэ **Хьэгъэжей Хьэсэн**, Iуэхур щекIуэкIыну еджапIэм и унафэщI **Бекъул Маритэ**, жьлэм и нэхъыжьыфIхэр, адэ-анэхэр, егъэджакIуэхэр, еджакIуэхэр.

Лэжьыгъэр кьызэзыгъэпэщ лъэныкъуэм зэригъэпсам тету, къэпщытакIуэхэр апэщIыкIэ ирагъэблэгъащ «Нарт Хасэкlэ» зэджэ утыкум. ЦIыхур щыпэкIу пщIантIэм щхьэж зэрыхуэфащэкIэ щызэхэтт: нэхъыжьхэр жьантIэм щызэхэст, нэхъыщIэри хьэщIэм пэплъэу куэбжэпэм щызэхэтт. Дызэрыщыгъуазэщи, япэ къэсыр Хасэм хагъэхьэу щытакъым, Iэмал имыIэу зыгуэркIэ ягъэунэхуу щытащ. Къеблэгъаназри гъэунэхуплIэ ирашэри, джэгуу щытми, акъыл кьэкIуалIэ, щIэныгъэ хэхыплIэ хьуауэ гъэщIагъуэгуфIэ щыщIыным, абы кьыдэкIуэу псалъэ нэхъыби ицIыхуа зэрыхъуным. Проектым нэхъ зэхэхауэ утепсэлъыхьмэ, пэщIэдзэ классхэм щIэс еджакIуэ цIыкIухэм адыгэбзэ азбукэм темызащIэу, ар нэхъ зэгъэщIагъуафIэ ящыхъун папщIэ джэгукIэ Iэмалхэр кьыщыгъэсэбэпа мультимедие лэжьыгъэщ. Программэр Iуэхугъуитlым тещIыхьащ: интерактивнэ бгъэдыхьэкIэ иIэу дерсыр кьует икIи укъепещытэж. Макъыр щигъэIукIэ, ар езыгъэбыдылIэ сурэт уегъэльагъу, апхуэдэурэ псалъэщIэхэм я бжьгъэм хэхъуэрэ макIуэ. КъыкIэлъыкIуэ дерсым уедэIуэну Iэмал щыбгъуэтыр абы и пэ ита кьалэныр дагъуэнщэу бгъэзащIэмащ. Апхуэдэу, программэм и кIэм пэжу пта жэуапымрэ уи щыуагъэхэмрэ я бжьгъэр уегъэльагъуж.

ЛIуп Марианнэ кьыхигъэщащ хамэ кьэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэм адыгэбзэр зрагъэщIэнымкIэ мы программэр кьаэзрыхуэсэбэпынур икIи ар дяпэкIи зэрыригъэфIэкIуэнур.

Лэжьыигъэр щиухым Къэпщытакlуэ гупыр Къуэшыркъуей дэт Щэнхабзэмкlэ унэм ирагъэблэгъащ. ЕгъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ зэгъуэгъэ кьыззрагъэпэща концертым абы кьрихьэлIа хьащIэхэр яфIэгъэщIэгъуэну ерлъащ. Пшыхьым кьыщыIуащ адыгэ уэрэдыжьхэр, усэхэр, усэрыбжэхэр. Кьыхэгъэщыпхъэщ еджапIэм «Шагъдий» зи цIэ ныбжьыщIэ ансамбль зэриIэри. Гупым екIу дыдэу ягъэльэгъуащ «Убых къафэ», «Лъапэрис» кьэфэкIэ лIэужьыгъуэхэр.

Махуэр лэжьыигъэкIэ нэсу гъэнщIауэ екIуэкIащ. Къэпщытакlуэ гупым хэтхэм дежкIэ нэрылъагъут анэдэлъхубзэм и Iуэхур Iэпэдэгъэлэл зыщIхэм, IэхъуэгъуэтегъэкIыу бгъэдыхьэхэм мы еджапIэр зэращIымыщIыр. Нэхъ тэмэжу жыпIэмэ, щапхъэ зытепх хъун лэжьыигъэ хъарзынэ кьыщIэтащ Къуэшыркъуей дэт 20-нэ курыт еджапIэм.

ЩОДЖЭН Iэминат.

Сэ си фащэр адыгэ фащэщ



зезыгъэужь уэршэр Iэмалхэм тригъащIэкIэрэ, сабийхэр кьабзэу псэлъэным зэрыхуиунэтIыр.

Хьэщ1эхэм хуабжьу гурыхь ящыхъуащ Къардэн Мадинэ 2-нэ классым щригъэкIуэкIа дерсри. «Ди ныбжьэгъу псэущхьэхэр» зи фIэщыгъэ урокым кьиIэт Iуэхугъуэр зэпкърыха хъун щхьэкIэ егъэджакIуэм сабийхэр гупитIу игуэшри зэпеуэ хэту иригъэкIуэкIащ. ПсалъэщIэхэр куэду яригъэщIащ, зрагъэщIамкIэ япкъ-рыупщIыхьащ, адыгэ псысэ иригъэдаIуэри, зэхахар сурэтхэм иригъэлэжькIэрэ зэпкърахащ, ар дыкъэзыухъуреихь дунейм ирапхыжащ. А псори иджырей егъэджэныгъэ Iэмалхэм кьигъэув щапхъэхэм тету зэрыригъэкIуэкIам кьигъэлъэгъуащ егъэджакIуэм а технологиехэр и тегъэщIапIэмэ, адыгэбзэ щIэныгъэр жьжьэ зэригъэкIуэтэфынур.

Глаголыр кьыззэщIэзыкъуэж дерс Мэкъуауэ Ленэ щрикIуэкIащ 4-нэ классым. Сабийхэр жьыджэру зыхэта урокыр псалъэ пхъапкъыгъуэхэр кьэпщытэжьным, ахэр зэрапхкIэрэ щIэныгъэ зрагъэгъуэтар зэгъусэу глаголым ешэлIэным теухуат.

Адэкlэ, адыгэбзэмрэ литературэмрэ езыгъаджэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Къармэ Мадинэ кьэпщытакIуэхэр щигъэгъуэзащ я методикэ зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэхэм, я ехъулIэныгъэхэм. Абы зэрыжиIамкIэ, егъэджакIуэхэм я лэжьыгъэр «Гъэсэныгъэмрэ бзэмрэ» Iуэхугъуэм кьещIэкIауэ щытщ, икIи еджапIэм кьыщыззрагъэпэщ дэтхэнэ зы лэжьыгъэри абы и жыпхъэм иту ирагъэкIуэкI.

КъыкlэлъыкIуэ сыхьэтым ягъэлъэгъуа, Къармэ Мадинэрэ Къардэн Олесярэ ягъэхьэзыра «Сэ си фащэр адыгэ фащэщ» дерсщIыб лэжьыгъэр махуэ псом екIуэкIа Iуэхугъуэхэм я щхьэжт. ИкIи ущыуэнукъым абы еплъыну зи насып кьрихьэкIаэм ар щIэх ящыгъупщэжьынукъым, жыпIэмэ. Я уэрэдри, я къафри, ягъэлъагъуэ теплъэгъуэхэри зы гупсысэм епхат: зыхуэдгъэфащэр фащэщ, ди фащэр адыгагъэщ, жыхуиIэм. Дахэт, екIут икIи гъэщIэгъуэнт еджакIуэ цIыкIухэм я хуэзу итыкIэр, образхэм зэрихьэфыр, дэтхэнэ зы псалъэри я гум къикIыу, я псэм къыбгъэдэкIыу зэрыжаIэр плъагъурт.

ЗэгурыIуэУ здэщIыпм хабзэри, нэмысри, фIэлIыкIри, цIыкIугъэри, адыгэхэм сыт щыгъуи яхэлъа шыIэныгъэри щыIащ. А псори Шэджэм къалэ дэт 1-нэ курыт еджапIэм нобэр кьыздэсым зэрахъумэр, я нэхъыжьхэр щапхъэгъэльэгъуэу зэрыщытыр, я щIэблэр Iуэхугъуэфl куэдым зэрыщIапIыкIыр, зэрызэкъуэтыр хьэкъыу я фIэщ хъуауэ, къэпщытакIуэхэр кьежьэжащ.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

Зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Замирщ

Пэхурэ хьэмрэ

Зы бжыхьэ пщыхьэщхьэ дахэ гуэрым, дыджэгуу бжэІупэм дыздыІуасы, Дадэ жиІащ:

- Си мэз хъыбархэм щыщ фезгъэдэІуэнщ, хьэІуцэ гуп, моуэ тышу фыкъэтІыс.

Дэ Дадэ зыщІэс жыг щІагъэм дыщитІысыкІащ, лІыжьым и нэгу угъурлыр хуиту тлъагъуу. Апхуэдэу детІысылІэу и хъыбархэм дыззредаІуэр Дадэ и гуапэ хъурт. Абы хъыбарыр кьИуэтэж къудейтэкъым, атІэ и щІалэгъуэм къыщыхутэжауэ а зытепсэлъыхьхэр а дакъикъэм кІыхьу къыщыхьужут зэрыжиІэжыр.

Плыжьыр и хьэмгъуокъуэм кІыхьу екъури, зыкъомрэ гупсысащ.

Ар ауэ къызэрыкІуэ мыщэтэкъым. Къопсальэртэкъым, армыхъумэ, мы дунейм теттэкъым абы къыгурымыІуэ. Сэ мыщэ шыр Іэджи сПІыжащ я анэхэр щакІуэхэм яуклаУэ, ауэ Пэху нэхъ гукъинэж сщыхъуащ. А тхъэмыщкІэр къыщызгъуэтам и ныбжьыр зы мазэ нэса-нэмысат, делэ щыкІут, къыгурыІуэшхуэ щымыІзу.

Ти, апхуэдэ щыкІакІэ мыщэ шырыр унэм къэсхащ. ПщыантІэм къызэрыдэсхьэхху и цІэри фІащащ щыкІухэм. ПщІыр сыткІэ щхьэпэ, псынщІэ дыдэуи есащ ар и цІэм, нэхъ псынщІэжуи къытхэсыхьащ унагъуэм. ПщІэнтэкъым игъащІэ лъандэрэ къытхэса фІэкІа.

Езым щхьэхуэу жеипІэ хъарзынэ хуэтщІа щхьэкІэ, ар накІуэртн ныскІэщІэнщхьэрт. Гугъу сыдекІуэ езгъэсащ хуэсщІа гъуэпъыпІэм. АрщхьэкІэ и закъуэу жеин идртэгъкъым, ди хьэпшыырыр ихьыртн, мо и гупэ щабэ хуабэм щІигъэгъуалъхьэрт. Апхуэдэурэ хьэпшырым есэри зэгъусу жейуэ, дэнэ кІуэми зэгъусу къуублащ. Хьэпшырымрэ Пэхурэ я зэныбжьэгъугъэр хьэблэм дэз хъуащ, адрей хьэблэхэми нэсащ. Арат зи мэузэхуэхэри а тІум я деж плъакІуэ къыщІэкІуэр.

Пщіантіэм я закъуэ къыдэнамэ, е щІэмысІаУэ пщэфІапІэм къыщІэкутамэ, уэзжэгъуэнитІым и махуэт абыхэм зэхащІыхьыр! Зыкъомрэ ахэри узим дымыщІурэ екІуэкІащ. Ауэ нэхъ бжьыхьэкІэхэм деж, езы тІури фІыуэ нэхъ пІащэ хъуауэ, ди хьэблэм псалъэмакъышхуэ къыдэхъуащ. Ди гъунэгъум я Парий къыдыхьат ди дежи, Пэху абы дэджэгуну хуежьа, модрейр и пэнцІыв дыдэм къедзэкъащ. Пэху хьэр кьиубыдри зэпкъритхъащ. Абы иужькІэ хьэблэдэсхэми зыкъытщадзэуэ щІадзащ. Сэ гупсысапІэшхуэм сихуащ, мыщэ шырым есщІэнур сымыщІэу. Мэзым сшэжу щІэзэтІыпщхьэжьнути, щІэзэтІыпщхьэжми щыпсэуфыну? Іэджэм сегупсысырт сэ. Ди гъунэгъуэм къызаІуэкІ хъуат мыщэ шырыр афІэкІа пщІантІэм щІыпІыгъ зэрымыхъужынур...

Ди гъунэгъу лІыжьыр къаджэри Дадэ диІащ. АдэкІэ къэхъуар сэ сщІэртн, си ныбжьэгъухэм яхуэсІуэтэжащ.

Пщыхьэщхьэ гуэрым, нэхъ бжьыхьэкІэу, дунейри дахэ дыдэу, Дадэ Пэхурэ и хьэ гъэфІэнымрэ зыщІигъури мэзхъумэ унэм дэкІащ. Зы тхъэмахуэ нэскІэ щІэсащ лІыжьыр мэзым, мыщэ щІыкІур мэзым ирегъэсэжу. ЯлэщІыкІэ псори тэмэму екІуэкІащ: илъагъу псори фІэтелъыджэт Пэху, дэмыуэу зы къуакІи къиГанэртэкъым. Ауэ Дадэ игу ирихьыртэкъым кІыфІ хъууэ зэрыхуежьэу Пэху мэзхъумэ унэм къызэрыкІуэжыр, хьэр и ужь иту.

ЛІыжьыр хуабжьу хэгупсысыхьащ. «Ярэби, къыщыдгъуэта дыдэм деж сшэжрэ къэзгъанэмэ дауэ хъуну пІэрэ?» - жиІащ абы игукІэ. Апхуэдэуи ищІащ. АрщхьэкІэ, пщыхьэщхьэми мыщэр аргуэру мэзхъумэ унэм къэкІуэжащ. Дадэ зигъэпщкІури къуажэм къехьжащ. ЛІыжьым пщыхьэщхьэшхэ ищІыну хунэсатэкъым, а тІур пщІантІэм къыщыдыхьэжам.

Жэщ псом жеякъым Дадэ. Іэджэми егупсысащ ар, Іэджи и щхьэм щызэблигъэкІащ. Пщэдджьжьым Пэхурэ хьэмрэ иригъэтІысхьри зоопаркым ишащ. Зоопаркым и лэжьакІуэхэм гуфІэжу Іахащ мыщэ щІалэр, клеткэ зэгъэпэщаи ирагъэтІысащ. Пэху клеткэр хуримыкъуу къызэхижьхьырт, гурымырт, и псэм ищІэ хуэдэт абы къызэрагъэнэнур.

МыщэмкІи емыплъэкІыфу, Дадэ маршынэм кІэтІысхьэжащ хьэр щыІгъуу. АрщхьэкІэ хьэр маршынэм ельэри, Пэху и клеткэм ипщъащ. Пэху нэхъ тесабырэжри хьэр и бгъэм щІэлъу тынш дыдэу гъуэгум.

Зыкъом щІащ абы лъандэрэ. Фэри, цІыкІухэ,кьаІэ зоопаркым фыкІуамэ, фльэгъуаГэнщ а тІур зэнэзэпсэу нобэр къызідэсым зэрыпсэур.

ЖУРТ Биберд.

● Хъуэжэ и хъыбархэр

КъахуэгъэпцІакъым

Хъуэжэ и сабиигъуэт. Махуэ гуэрым ар унэм щІэлъэдэжри, и анэм кІэрыхьыжьащ: «Фо кьызэт», - жери. Анэр я ГъунэгъУ фыз къыщІыхьам еуэршэрылІэрти, сабийр зыкІэригъэкІын папщІэ, къыжриІащ:

- А уи напэ фІейр тхьэщІи уэстынщ.

Хъуэжэ псынщІэу унэм кьыщІэжри, и напэр итхьэщІащ. ЩІэлъэдэжри, аргуэру и анэм фо щхьэкІэ елъэІуу кІэрыхьыжьэжащ.

Зэ елъэІуащ, тІэу елъэІуащ, ещанэуи елъэІуащ. АрщхьэкІэ, зэхимых нэпцІ зищІаУэ, анэр гъунэгъу фызым зэреуэршэрылІэт.

Щымыхъужым, Хъуэжэ щІэкІщ, и напэр зэрыщыту ятІэкІэ зэщІиІалэри щІыхьэжащ. ЩІыхьэжри, анэм и пащхьэм къит шэнт щхьэгъуэм тетІысхьащ.

Ар къыщилъагъум, анэр къэІуэбжьащ:

- Ан-на, сыт мы уи напэм епщІар?

- Екьей, ухуей хъунт уэ, - жиІащ Хъуэжэ, - си напэри къабзэу, уи фоми уемыІуэсу щыбГэтэну!

● Псысэ

ПцІащхъуэм и кІэр щІэдыкъуакъуэр

Дунейр щымыджэмыпцІэу щІылъэр щызэпцІагъащІэм хэт сыт ешынагъуэ хуэхъунуми яубзыхурт. Ар зыубзыху гупым псом япэу къраджащ Блащхъуэр. Къраджэри еупщІащ:

- Блащхъуэу пщым я лей, сыт хуэдэ шхыныгъуэр нэхъ къапщтэрэ?

Блащхъуэм жэуапыр ищІэртэкъыми, махуэ зыгІущ сывгъэгупсысэ жери лъэІуащ. ЩІылъаІуэм, махуищ пІалъэ иратри, яутІыпщжащ. Блащхъуэр псыуфэ къамылым хэпщхьэри зыкъомрэ гупсыса нэужь, цІыхум и лым нэхъ Іэфі щымыІэу кьИлъэтащ. Арати, Блащхъуэм къыхихар яжриІэн щхьэкІэ гупым деж Аргъуэйр игъэлъэтащ.

Аргъуэйр хьэуам хэту здэкІуэм ПцІащхъуэр къыхуэзащ, Іэфіщ (зыФІэфІым дежкІэ), сэбэщ. Пхъэщхьэмащхьэ жыг псоми хуэдэу, ар Гъатхэм хужьыбзэу ГъагъэмИ, и пыкІэр щыхъур щыІэбжь къэхуэ нэужьщ. Абы щыгъуэ зэрыджэм и дыджагъыр щІокІри хъуГъэпс Іэфіыр къыщІохьэ. ЩІымахуэм мыльэтэж бзуэм я шхыныгъуэщ зэрыдджэр.

Щымахуэ пхъэщхьэмыщхьэхэр

Нэхущым къесыр щІэзыдза эсым ихъуреягъкІэ псори хужьыбзэ ищІащ, псыежхым фІэкІа къэмынэу. Ар къуэ лъащІэм зиІуантІэ-зишантІэу кІуэцІрож. Псыежэхым адэкІэ мэз къыщытщ. Уэсыр зытелъ мэзыр щІэращІэщ икІи тІэкІуи шынагъуэщ. Жыгэм къапына тхьэмпэ закъуэтІакъуэхэм, къудамэхэм уэсыр хуэфІу ятелъщ. Нэхъри нэхъ кууУэ мэзым уэхІкуатэмэ, нэм къыІуедзэ зэрыдджэ плъыжьыпсыр. Ар дахэщ, Іэфіщ (зыФІэфІым дежкІэ), сэбэщ. ПхъэщхьэмащхьэжьыгъэкІ псоми хуэдэу, ар Гъатхэм хужьыбзэу ГъагъэмИ, и пыкІэр щыхъур щыІэбжь къэхуэ нэужьщ. Абы щыгъуэ зэрыдджэм и дыджагъыр щІокІри хъуГъэпс Іэфіыр къыщІохьэ. ЩІымахуэм мыльэтэж бзуэм я шхыныгъуэщ зэрыдджэр.

Зэрыдджэм ещхьу Іэрамэ-Іэрамэу пыт мыщэхупщэмкІи (рябина) а мэзыр къулейщ. Нэр яГъэгуфІэ хужьыгъэм ихьэщ гъуэжь-плъыжьыфэ пхъэщхьэмыщхьэхэм. Гъатхэм гъэгъа мыщэхупщём кьыпих мэ гуакІуэм бжьэ щыкІухэр куэду зыщІешэ. ЩІымахуэхэ хъуухункІэ пымыщІыжу мыщэхупщ Іэрамэкэр пытщ. ЩІымахуэм мыжейуэ щытмэ, мыщэжьым зегъэтхъэж мыщэхупщкІэ.

Къущхьэмышхри (мушмула) ящыщщ щІымахуэ пхъэщхьэмыщхьэхэм. Къъуэщынифэ хьурей щыкІухэщ, ауэ дэщхуэ хуэдиз хъу пІащэхэми урорхьэлІэ. ЩІымахуэр къэсу япэ щыІэбжьыр къызэреуэу, быдзу, дыджу щыта къущхьэмышхыр щабэ, Іэфі мэхъу. ГъэщІэгъуэнщ тхьэмпэ зыпымыт жыгым къущхьэмышхыр щабэ, Іэфі щыкІуэр пыту щыпльагъукІэ. Апхуэдэ жыгхэр бзуэм я тІысыпІэщ.

ЩІымахуэми мэзым щымэжэлІэнукъым бзуэр.

МЭЛЕЙ ФатІимэ.

● Хъыбархэр

Жэбагъы захуэщ

Къэбэрдейм я хеящІэ Уэрий дадэ жьы дыдэ хъуат - илъэсищэм щІигъуат. Жьы хъуами, хеящІэ къулыкъум текІыртэкъым. «ЗгъэуІыгъэнщи, згъэтІысыжынщ», - жиІэри Жэбагъы Уэрий деж кІуаш.

- Уэрий, - жиІащ Жэбагъы, - зыгуэркІэ сыноупщынущи къызжеІэ.

- Хъунщ, кьызэупщІ, - жиІащ Уэрий.

- ПщІыр бзу, пщыкІутхур чыцІ, тІощІыр дыгъужь, плІыщІыр асльэн, хыщІыр вы, пщІейр пэщащэ, щэр джэдыкІэ. Сыт абы кьиІыр?

Егупсыса щхьэкІэ, Жэбагъы и псалъэхэр хуэзхэхуакъым Уэрий.

- Абы кьикІыращ, - жиІащ Жэбагъы. - Илъэсипщі ныбжьым щитым деж цІыхур бзум хуэдэщи, зольъатэ. Илъэс пщыкІутхум нэсамэ, чыцІ кьуейщІейм ещхьщ. Илъэс тІощІ иритхуамэ, дыгъужь хуэдэу мэгушхуэ, илъэс плІищІым итыр асльэн хуэдэ хахуэщ. Илъэс хьщІ иритхуа выр гуащІаІэщ, и акъьыли иритхуащ. Илъэс пщІейм нэсамэ, пэщащэ фІэкІа, ищІэжьшхуэ щыІэкъым. Илъэсищэ иритхуа цІыхур джэдыкІэ шкІымпІкъым хуэдэщ.

Уэрий дадэ илъэсищэм щІигъуати, хеящІэм текІащ:

- Жэбагъы захуэщ, - жери.

Блэкіам фыкІэлъымыджэ

Шым уанэ трилъхьэри, нэху мыщ щыкІэ дэшэсыкІащ Жэбагъы, гъуэгу кІыхь кьыпІащьпІэт. Псыжь кІуэн хуейт, Іуэху кьыльыкъуэкІаУэ.

Жэбагъы гъуэгу зэрытехьар зэхахри, гуп лъежьащ, щыкъэрн жраІащ:

- Щіэх кьэбгъэзэнкъым. Кьэбгъэзэку дыззрыпсэун псалъэ кьыджеІэ.

- Блэкіам фыкІэлъымыджэ, - кьажриІащ Жэбагъы. - Нэхъыбэм къаублэр хабзэщи, абы феувалІэ.

Къапщтэмэ - егъэджакІуэщ.

(Тхьилъ.)

И ныбжьэгъукъым ар дыгъуакІуэм,
Ягъэшынэу щІэмыпхъуэж.
Хейм и телъхьэщ, и хъумакІуэщ,
Ебгъэз дзыхьри егъэпэж.

(Хьэ.)

БАТЫР Мухьэрбий.

● Къуажэхьхэр

И ныбжьэгъукъым ар дыгъуакІуэм

Удын зыхимыщІэу
И кьалэн зымыщІэ.

(Гъыгъ.)

Ар кьыумыщтэмэ - бзагуэщ,

Ди жагъуэгъухэр зэгуэпу,
Дяпэ идгъащ щымыІэу,
Ди фІыгъуэр здэдгуэшу,
Гукъеояуэр зэдэтшэчу,
Ди чэт гъэлъэхъу щымыщІэу,
Ди хъыджэбзхэр щыкІафІэу,
Ди щІалэфІхэр лІы хахуэу,
Ди Іуэху дэна ямыщІу,
Нанэм жиІэм едаІуэу,
Пэрытыныр я хьалу,
ХьэгъуэлІыгъуэр яублэу,
Бланэм хуэдэу къэмыскІэу,
КІадэу диІэр гъэшылъэу,
Ди сабийхэр насыпфІэу,
Ди балигъхэр акъылыфІэу,
ФІыгъуэ дыщымыщІэу,
ХъугъуэфІыгъуэ ди бащэу,
Илъэсищэр дыугъащІэ!

Хъуэхъу

Хъуэхъур ди бэу, дыбагъуэу
Губгъуэу диІэр бэвылъэу,
Лъэуджыджэ тхэмыту,
Іей тхэтыныр ди жагъуэу,

● Гъэщіэгъуэнщ

Бзу бэзэр

Бзухэр куэду щызэхуэс щІыпІэм бзу бэзэркІэ йоджэ. Бзу бэзэркэр здэщыІэр тенджыз Іуфэ къыркэр аращ. Абыхэм я макъыр жыжьэ дыдэ кьыщоІу. Гъунэгъуу убгъэдыхьэмэ, уолъагъу: Іуву зэхэсщ бзу зэмылІэужьыгъуэ куэдыщэ.

Бзу бэзэркэр ди къэралым нэхъыбэу здэщыІэр Баренцевэ тенджызым и Іуфэрщ. Апхуэдэу лъагэу тес бзухэм нэгъуэщІ псэущхьэкэр зэран къахуэхъуфыркъым.

А бзухэм яшхыр бдзэжьейщ.

● Уэ пщІэрэ?

Адыгэхэмрэ вагъуэхэмрэ

Гъуэгу техьамэ, зекІуэлІым гъуазэ (ориентир) иІэн хуейщ, гъуэгум щымыгъуэщэн щхьэкІэ. Псыжьрэ Тэнрэ (Кубань и Дон) яку дэлъ губгъуэ нэщІым щихьэкІэ, адыгэ шум и гъуазэт уафэ бзыгъэм къитІысхьэ вагъуэхэр. Шыхуэлъагъуэм (Млечный путь) иригъуазэурэ, ар Тэн зэпрыкІырти, Индыл (Волга) нэсырт, гъуни нэзи зимыІэ губгъуэ нэщІым щигъуэщыхьи къэхъуртэкъым. ЗекІуэлІым дежкІэ гъуазэ хъурт Вагъуэзакъуэр, Вагъуэбашыр (созвездие Жирафа), Вагъуэабрэджыр (Блуждающие звезды), Нэхущвагъуэ (Венера), Вагъуэзэшиблыр (созвездие Большой Медведицы), Вагъуэбыныр. Вагъуэзэшиблым зигъазэмэ, нэху зэрыщыр ищІэрт зекІуэлІым, и пІэм зэи имыкІ Вагъуэзакъуэм иригъуазэурэ, ищІэри ищхьэрэри, кьуэкІыпІэри къухьэпІэри игъэнахуэрт. Вагъуэхэм иригъуазэурэ шу гупыр зекІуэ зышэф. шу пашэм пащІ щыІакъым, апхуэдэу шу пашэм пщІэ ин дыдэ иІэт, зекІуэ екъэн хъумэ, дзыхь ирагъэзырт, ар я пашэмэ, зэрымыгъуэщэнур ящІэрти.

Гъэ зэблэкІыгъуэр къызэращІэ гъуазэхэм ящыщщ ВагъуэбэкІэ (созвездие Тельца) зэджэр. Пасэрейхэм гу лъатащ Вагъуэбэр «щІым къыщыхэкІым», ар «гъавэм щыхэпльэм», «жыг щхьэкІэм щыхьхьэм», «щІым щыхьхьэжым». Гъэрэ щІырэ щызэхэкІ махуэм (гъатхэпэм и 21 - 22-хэм) Вагъуэбэр щІым кьыхэпльауэ яльытэрт: махуэмрэ жэщымрэ я кІыхьагъкІэ зэхуэдиз хъурт абдежым. Гъэрэ щІырэ щызэхэкІ махуэм ильэсыщхьэкІэ еджэу щытащ, гъатхэр кьихьауэ щабжьр а махуэрат. Вагъуэбэр «гъавэм кьыхэпльамэ» (мэкъуауэгъуэм и 21 - 22-хэм), нэгъуэщІу жьпІэмэ, махуэм щикІыхьыгъуэм, жэщым щикІэщІыгъуэм, гъэмахуэр кьихьауэ яльытэрт. Вагъуэбэр «жыг щхьэкІэм хыхьамэ» (фокІадэм и 21 - 22-хэм - махуэмрэ жэщымрэ зэхуэдиз щыхъужым), бжьыхьэр кьихьауэ яльытэрт, ар «щІым хыхьэжамэ» (дыгъэгъазэм и 21 - 22-хэм - махуэм щикІэщІыгъуэмрэ жэщым щикІыхьыгъуэмрэ), щІымахуэр кьихьауэ ябжьыр.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

Псалъэзэблэдз

УпщІэкэр: **1**. Кьан хъыджэбзитІ зэлъэпагъщ. **2**. ЗэкІэрыблаблэу бльным еубГэщ. **3**. Псыщіагърыкіуэ, алащэ кІуэр. **4**. Напэку кърахуэкІ. **5**. Гъупщыкъуу пъэразэ, уаз и кьуэу щІыбыбГъуэ, хьэмыгъуэ пащІэ, ятІагъуэ щыІб. **6**. Уеплъым гъуджэ, уеджэм дэгу. **7**. АдакъэкІуэу мэз кІыгуугу. **8**. Блапціэ къарэ, къарэ убыд. **9**. Къебэ-небэу джабэм дэпщ. **10**. Дыгъэрыгъуу, псыгъурыщІ, Іэпхъуамбипщі, нэ пщыкІуэ.

Жэуапхэр тэмэммэ, къехыу фыкъеджэнщ Іуэрыі-Іуатэр зытепсэлъыхь адыгэ лІыхъужь цІэрыІуэм зэреджэм.



Жэуапхэр: 1. Нэдыгэ 2 Уэнэ 3. Хъэнтыкрыжькуэ. 4 БешІ 5. Нахъсолиз 6. Мбл. 7. Кіэрахуэ 8. Адрахэн. 9. Бабгъ 10. Адрахэн.

Псалъэзэблэдзыр - Анцемпірхэн.

● Лъэпкъ хъугъуэфІыгъуэхэр

Афэ джанэ

Адыгэхэр зэрыпагэу, зэрыгушхуэу щытахэм ящыщ зыщ зауэлІым и фащэр. Фащэм щыщ Іыхьэщ афэр. Афэм зауэлІым и Іэпкъ-лъэпкъыр щихъумэрт шабзэшэм, джатэм, бжым, пасэрей зауэлІым кьигъэсэбэну щыта фочым.

Афэр кьыхащІыкІырт выфэм, домбеяфэм. ИужьыкІэ жырым кьыхащІыкІыу щІадзащ. Дыжьын зытегъэлъэдам афэхуэкІэ еджэрт.

Адыгэ афэ джанэр, и фІагъымрэ и дахагъымрэ кьыхэкІыу кьыщагъэсэбэну щытащ Урысейм, Польшэм, Мысырым, Уэсмэн империем, Кьэжэрым.

НАКУЭ Феликс.



Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхъ секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэз.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КьыдзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкІэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтеуту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэныщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъуэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы кьыдзкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **Жьэкіэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дзэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и тепІэгъ ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаниэнэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тралдзэн ящІыгъуэ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.711 ● Заказ №463